DIOCESE OF PALM BEACH
P.O. Box 109650
9995 North Military Trail,
Palm Beach Gardens, Florida 33410 - 9650
(561) 775-9595 | Fax (561) 775-7035
mjrodriguez@diocesepb.org

Office of The Diocesan Bishop

4 Desanm 2026

Chè Sè ak Frè nan Kris la,

Koleksyon anyèl pou Fon Retrèt Relijye yo ap fèt wikenn pwochen, 12 ak 13 Desanm. Depi 1988, evèk Etazini yo dirije koleksyon sa a pou adrese defisi ekonomik pou retrèt pami kominote relijye yo. Nasyonalman, koleksyon 2025 la te ranmase yon rekò $37.1 milyon, ak dènye sibvansyon an bay $40 milyon nan asistans pou 261 kominote relijye.

Anpil nan relijye granmoun nou yo ki te fè sèman dedye lavi yo nan sèvis, anjeneral yo resevwa yon ti salè an retou. Konsa, kominote yo ap fè fas ak yon mank ekonomi pou retrèt, ak prèske 19,000 sè, prèt ak frè aje ki depann sou èd sa a. An 2025, pri mwayèn swen anyèl yo te apeprè $62,000 pa moun, pandan swen enfimyè kalifye te plis pase $102,000. Benefis mwayèn anyèl Sekirite Sosyal pou yon relijye te $9,390, konpare ak $24,856 pou yon benefisyè layik mwayèn.

An 2025, Katolik atravè Dyosèz Palm Beach te kontribye $196,571.31 nan koleksyon an, sitou atravè pawas yo. Mwen ta trè rekonesan pou sipò jenere ou bay koz sa a ki gen valè. Anplis, tanpri sonje pou kenbe tout fanm ak gason nou yo relijye nan lapriyè nou.

M ap asire ou menm ak tout moun ou renmen nan lapriyè kontinyel mwen nan selebrasyon Ekaristik la, epi m ap remèt ou nan entèseksyon renmen Vyèj Mari, Rèn Apot yo, mwen rete

Sensèman nan Granmèt Jezi Kri nou an,



Monseyè Manuel de Jesús Rodríguez, J.C.D.
Evèk Palm Beach